




# ANN NORTON SCULPTURE GARDENS

# Florida



In partnership with  
En colaboracion con  
Nan yon patenarya ak




INVEST IN OUR PLANET


INVERTIR EN NUESTRO PLANET  
ENVESTI NAN PLANÈT NOU AN

Visitors to **Manatee Lagoon** – An **FPL** Eco-Discovery Center can enjoy close-up views of a mother manatee and her baby, called a calf. The educational facility is free to visit in Riviera Beach, and you can come learn about manatees and the Lake Worth Lagoon.

Los visitantes de **Laguna de Manatíes** – un centro de descubrimiento ecológico de **FPL**, pueden disfrutar de cerca la vista de una madre manatí y su cría. La instalación educativa es gratuita para visitar en Riviera Beach, y puede venir a aprender sobre los manatíes y la laguna de Lake Worth.

Moun k ap vizite **Lagon Lamanten** – Yon sant Dekouvèt Ekolojik **FPL**, kapab wè tou pre yon manman bèf lanmè, ki rele lamanten tou. Li ansanm ak pitit li, ki rele yon ti bèf. Ou p ap peye pou vizite sant fòmasyon an nan Riviera Beach, epi ou kapab vini pou ou aprann sou lamanten yo ak Lagon Lake Worth lan.





Everglades Champion School students, supported by **The Everglades Foundation**, explore the cypress swamp by immersing themselves in the ecosystem and taking a swamp walk to learn more about water and wildlife.

Con el apoyo de **La Fundación Everglades**, estudiantes de Everglades Champion School exploran el ciprés pantano sumergiéndose en el ecosistema y dando un paseo por el pantano para aprender más sobre el agua y la vida silvestre.

Elèv Everglades Champion School yo, ki te jwenn sipò **Fondasyon Everglades**, ap eksplòre marè pye siprè an kote y ap dekouvri ekosistèm lan ak pwomennen nan marè an pou yo aprann plis sou dlo, bèt yo, ak plant yo.

**Loggerhead Marinelifelife Center** biologists study nesting sea turtles on our local beaches, like this leatherback sea turtle! Activities conducted under permit number FWC MTP205.


Los biólogos del **Centro de Vida Marina Loggerhead** estudian las tortugas marinas que anidan en nuestras playas locales, ¡como esta tortuga laúd! Actividades realizadas bajo el permiso número FWC MTP205.

Byolojis **Sant Lavi Marin Loggerhead** lan fè etid sou tòti lanmè yo ki vin ponn sou plaj ki nan rejyon nou yo, tankou tòti lanmè sa a! Aktivite yo fèt selon nimewo otorizasyon FWC MTP205.

The Sea Turtle Hospital staff at **Loggerhead Marinelifelife Center** searches the coastline after a reported sighting of an injured sea turtle.

El personal del Hospital de tortugas marinas en **Centro de Vida Marina Loggerhead** busca en la costa después de un avistamiento de una tortuga marina herida.


Manm ekip Lopital Tòti Lanmè ki nan **Sant Lavi Marin Loggerhead** fouye tout kòt lan aprè yo fin siyale prezans yon tòti lanmè ki blese.



Barn owls are one of Nature's best predators and protect crops on **Florida Crystals'** local farms.

Las lechuzas están entre los mejores predadores de la naturaleza y protegen los cultivos de las granjas locales de **Florida Crystals.**



Chwèt bwa yo se youn nan pi bon predatè Lanati genyen epi k ap pwoteje kilti nan fèm lokal **Florida Crystals** yo.



**ANGARI Foundation** and its research vessel support ocean science research and education around Florida, The Bahamas and beyond.

**La Fundación ANGARI** y su buque de investigación apoyan la investigación y la educación en ciencias oceánicas alrededor de Florida, Las Bahamas y más allá.


**Fondasyon ANGARI** ansanm ak laboratwa rechèch li an kore rechèch ak fòmasyon nan kesyon jesyon oseyan nan rejyon Florida, Bahamas ak plis kote toujou.




**Florida Atlantic University Pine Jog Environmental Education Center** - The Atala butterfly (also known as coontie hairstreak) is a small colorful butterfly found in southeastern Florida and the Florida Keys. The Atala used to be plentiful, but over-harvesting of the coontie plant in the late 1800s caused its decline - so much so that by the 1950s it was thought to be extinct. Fortunately, that was not the case, and with careful planting by native plant enthusiasts, it has made a comeback. If you want these colorful flowers in your yard, plant some native coontie!

**El Centro de Educación Ambiental Pine Jog de la Universidad Atlántica de la Florida** - La mariposa Atala (también conocida como coontie hairstreak) es una pequeña mariposa colorida que se encuentra en sureste de Florida y los Cayos de Florida. El Atala solía ser abundante, pero la sobreexplotación del coontie planta a finales de 1800 provocó su declive, tanto que en la década de 1950 se pensó que era extinta. Afortunadamente, ese no fue el caso, y con la plantación cuidadosa de los entusiastas de las plantas nativas, ha hecho una reaparición. Si quieres estas coloridas mariposas en tu jardín, ¡planta algunos coontie nativos!

**Sant Fòmasyon sou Anviwònman Pine Jog nan Inivèsite Atlantik Florida** - Papiyon Atala a se yon ti papiyon ki chaje koulè yo jwenn nan sidès Florida ak nan Florida Keys. Lontan te chaje Atala, men paske yo te rekòlte twòp plant zamyà (*Zamia integrifolia*) nan fen ane 1800 yo, sa vin lakòz kantite yo bese - nan yon pwen pandan 1950 yo te menm panse li disparèt. Erezman, sa pa te rive fèt, epi gras ak kèk amatè plant andemik k ap pran bonjan swen lè y ap plante zamyà a, nou te kòmanse wè papiyon yo ankò. Si ou ta renmen pou wè bèl papiyon ki chaje koulè sa yo nan jaden ou, plante kèk zamyà andemik!





**The Friends of Palm Beach** hope you know that your actions can impact a tiny turtle!

*Negative action = littering a plastic cup*

*Positive action = cleaning up litter*

**Los Amigos de Palm Beach** esperamos que sepa que sus acciones pueden afectar a una pequeña tortuga!

*Acción negativa = tirar desechos plasticos*

*Acción positiva = recojer la basura*

**Zanmi Palm Beach** yo swete ou konnen aksyon ou yo kapab genyen efè sou yon ti tòti!

*Aksyon Negatif = jete yon goblè plastik nan espas piblik*

*Aksyon pozitif = ranmase fatra*




**The Ann Norton Sculpture Gardens** was founded by the American artist Ann Norton, who created monumental sculptures in her tropical garden and studio. She loved seeing the birds, bees and butterflies around her artwork.

**El Jardín Escultórico de Ann Norton** fue fundado por la artista estadounidense Ann Norton, quien creó esculturas monumentales en su jardín tropical y estudio. Le encantaba ver los pájaros, las abejas y mariposas alrededor de su obra de arte.

Atis Amerikèn Ann Norton te fonde **Jaden Eskilti Ann Norton**. Se li menm ki te kreye gwo estati yo nan jaden twopikal ak estidyo li an. Li te renmen wè zwazo, myèl, ak papiyon nan tout zèv atistik li.





CLIMATE  
CHANGE

The **Cox Science Center and Aquarium** has over 100 interactive exhibits. At Science on a Sphere, school groups can learn about reversing the impact of climate change.

**Cox Centro de Ciencia Y Acuario** tiene más de 100 exhibiciones interactivas. En Ciencia en una Esfera, los grupos escolares pueden aprender a revertir el impacto del cambio climático.

**Sant Layans ak Akwaryòm Cox** genyen plis pase 100 ekspozisyon entèraktif. Nan Science on a Sphere (Lasyans sou yon Esfè), gwoup lekòl yo kapab aprann sou kijan pou envèse efè chanjman klimatik lan.



## Participating organizations

Organizaciones participantes

Òrganizasyon k ap patisipe

